



*Juli / Mukakaro2021*

*kirundi*

## **Yarahanaguje amaguru imishatsi yiwe, aramusoma yongera amusiga amavuta!**

(Luka 7,38)

**Kontakt:**

Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432

Mail:

meinolf.wacker@go4peace.eu

Homepage

www.go4peace.eu

---

**Gira umwizero!  
Have courage!**

Bakunzi ba go4peace,

Mu vy'ukuri yashaka kuva muri uyo mwuga ugayitse. Yaripfuzaga n'ugushaka kwinshi gushikira umwitegemvye n'urukundo rw'ukuri. Ihamagarwa ryiwe ryari ritanguye. Mu gisagara cose yari yarabaye rurangiranwa nk' "Umucumuzi atagira izina". Ako gatosi ntikamuvako namba. Niho rero yaza yahura n'uyo Mwigisha mushasha aturuka i Nazareti. Indabo yiwe yari yamushitse ku nyota. Yarumvise ko yamuraba nk'umuntu – yuzuye urukundo. Yari ashikiriye ubwiye, ndetse mu kivunga. Uyo mugabo, Yezu w'i Nazareti, ntiyamuciriye urubanza na mba. Ahubwo cabaye igihushane: indabo yiwe y'urukundo n'urukiza yari yamaze kumusubiza muzima. Yaramushimiye mu gutangura ubuzima bushasha. Niho rero yaguma yipfuzaga gusubira kumubona.

Yarti yumvise ko Yezu yatumiye gufungura mu nzu y'umufarizayo. Kari rero akaryo keza ko gusubira kumubona, no kumigirira ikimenyetso gikomeye c'ubukengurutsi. Niho rero yatsinda ikinya n'ubwoba, akinjira mu gihari c'abagabo b'abayahudi. Yinjiye ari mu marira menshi. Ayo marira nyene ni yo yakoresheje mu kwoza ibirenge vya Yezu, yongera abihanaguza imishatsi yiwe. Mu gacupa k'agaciro niho yari yazanye amavuta azimvye. Ayo mavuta ni yo yasize ibirenge vya Yezu, mu maso y'abafarizayo bakoranye. Cari ikimenyetso ntamusiga c'ukwegera Yezu no kumukengurukira ku rukundo yari yaramweretse igihe bahura.

Naramaze amezi menshi ngwaje umugenzi ageze mu za bukuru gushika yinjire mu buzima budahera. Igihe namusanga ari mukarwi k'abiwe i muhira, naramwihweje igihe kirekire. Yaramfashe ukuboko ambwira n'ijwi ryongorera ati : „ndagushimiye ku vyo wangiriye vyose!“ Twarahuje amaso. Amaze gushengera, naramukibitiyeko, ndanasuhuza n'umuryango wiwe. Niho rero umugore wiwe yakora mu mufuko w'uyo yapfuye, araheza akurayo akabuye k'igiciro yama agendana aho ari hose. Yarakampaye. Narumvise nkozweko, nk'uko koba ari akanya mu buzima budahera, ubucuti busimba mbere n'urupfu. -Burya turakenera ikimenyetso kiruta vyose mu vyo twari tumenyereye. **Gira umwizero! - Have courage!**

Kubwa go4peace Team

Meinolf Wacker